№1(5)
2025

ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ
NÓKIS FILIALÍ

MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI / ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУСТВА / BULLETIN OF MUSIC AND ART

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

ILIMIY-METODIKALÍQ JURNAL

**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW, ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI**
**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ MÁDENIYAT MINISTRLIGI**
**ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ NÓKIS FILIALÍ**

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ
***Ilimiy-metodikalıq jurnal***

# MUSIQA VA SAN’AT AXBOROTNOMASI
***Ilmiy-uslubiy jurnal***

# ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУССТВА
***Научно-методический журнал***

# BULLETIN OF MUSIC AND ART
***Scientific-methodical journal***

**№ 1(5)/2025**

**SHÓLKEMLESTIRIWSHI:**

*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

**Bas redaktor:** – Allanbaev Rudakiy, *professor*

**Juwaplı xatker:** – Kamalova Dilfuza, *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent.*

**REDKOLLEGIYA AǴZALARÍ:**

**OZODBEK NAZARBEKOV –** Ózbekstan Respublikası Mádeniyat ministri, professor;

**AZIZBEK TURDIEV** – Ózbekstan Respublikası Mektepge shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministri máslahátshisi, filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);

**BEGIS TEMIRBAEV** – Qaraqalpaqstan Respublikası Mádeniyat ministri, docent;

**KAMOLIDDIN URINBAYEV –** Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası rektorı, professor;

**OMONILLA RIZAEV** – kórkem ónertanıw ilimleriniń kandidatı, professor;

**HIKMAT RAJABOV** – professor;

**ORAZALI TOSHMATOV** – professor;

**BAXT AZIMOV** – pedagogika ilimleri kandidatı, docent,

**MUHABBAT TOLAXOJAEVA** – kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;

**MARFUA XAMIDOVA -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;

**BOLTABOY SHODIYEV -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı;

**OZODA TOSHMATOVA -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;

**SAYYORA ǴAFUROVA** – professor;

**OYDIN ABDULLAEVA** – professor;

**IRODA MIRTALIPOVA** –kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);

**PARAXAT MAMUTOV** – kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);

**QURBANBAY JARIMBETOV** – filologiya ilimleriniń doktorı, professor;

**ALIMA BERDIMURATOVA** – filosofiya ilimleriniń doktorı, professor;

**ZIYADA BEKBERGENOVA** – filologiya ilimleriniń doktorı (DSc), professor;

**ALIMA PIRNIYAZOVA** –filologiya ilimleriniń doktorı (DSc);

**YUSUPOV QONÍSBAY –** pedagogika ilimleriniń doktorı (DSc), professor;

UTEBAEV TAJIBAY **-** pedagogika ilimleriniń doktorı (DSc), professor;

**SEYTKASIMOV DAULETNAZAR -** pedagogika ilimleriniń doktorı (DSc);

**ARTÍQBAY EREJEPOV** – pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent;

**JAŃABAY MARZIYAEV** – filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent;

*Jurnal qaraqalpaq, ózbek, rus hám ingliz tillerinde baspadan shıǵarıladı. Jurnal Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyası janındaǵı Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar agentligi tárepinen mámleketlik dizimnen ótkerilgen. №047569 4-oktyabr, 2022-jıl.*

**Ózbekstan Respublikası Joqarı Attestaciya Komissiyasınıń 2024-jıl 30-iyuldaǵı 358-sanlı qararı tiykarında jurnal 17.00.00-Kórkem ónertanıw ilimleri jónelisi boyınsha dissertaciya nátiyjelerin baspadan shıǵarıw ushın arnalǵan jetekshi ilimiy jurnallar qatarına kiritilgen.**

*Redakciya mánzili: Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı Turan oypatı 29-jay.*

*E-mail:ozdknf@edu.uz, UZDK_Nukus@exat. Tel:551020540 Veb-sayt: https://science.uzdknf.uz/*

**ISSN-2181-4112**

# DIRIJYORLIQTA QOL HÁREKETLERINIŃ DURIS ATQARILIWI HÁM OLARDI RAWAJLANDIRIW

**Zuxurov M.M.**

*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyasın Nókis Filialınıń w.w.a. dotsenti*

**Annotaciya:** Bul maqalada Qaraqalpaqstanda dirijyorlıq kórkem óneri mektebiniń qáliplesiwi hám usı taraw wákilleriniń jetilisip shıǵıwı haqqında sóz boladı. Jáne de dúnya júzi hám ózbek dirijyorları menen salıstırmalaw, olardıń taktikalıq hám ámeliy bilimlerinen paydalanıwǵa háreket etildi. Dirijyorlıq (frans. diriger - báǵdarlaw, basqarıw, basshılıq etiw) - muzıka atqarıwshılıǵı kórkem óneriniń quramalı túri, muzıka shıǵarmasın atqarıwǵa tayarlaw procesinde hám tikkeley tıńlawshı-tamashagóylar aldında atqarıwshılar (orkestr, xor, ansambl, opera, balet toparları h.t.b.)ǵa basshılıq etiw. Ádette bir (geyde, eki) dirijyor tárepinen ámelge asırıladı. Dirijyorlıq toparlıq muzıka atqarılıwınıń uyǵınlıǵı, kórkem hám texnikalıq jetiliskenligin támiyinleydi.

**Gilt sózler:** dirijyor, skripka gilti, largo, vals, temp, skripka, sazlar, muzıka.

**Аннотация:** В данной статье говорится о становлении школы дирижёрского искусства в Каракалпакстане и развитии представителей этой сферы. А также попробуйте сравниться с другими мировыми и узбекскими дирижерами, использовать их тактические и практические знания. Дирижирование (франц. diriger — руководить, руководить, руководить) — сложный вид музыкально-исполнительского искусства; в процессе подготовки музыкального произведения к исполнению ведение исполнителей (оркестра, хора, ансамбля, оперного, балетного коллектива и т. д.) перед публикой. Обычно его исполняет один (иногда два) проводника. Д. обеспечивает гармонию, художественное и техническое совершенство коллективного музыкального исполнения.

**Ключевие слова:** дирижёр, скрипичный ключ, ларго, валс, темп, скрипка, инструменты, музыка.

**Abstrac:** This article talks about the formation of the school of conducting art in Karakalpakstan and the development of representatives of this field. Also, try to compare with other world and Uzbek conductors, use their tactical and practical knowledge. Conducting (French: diriger - to direct, manage, lead) is a complex type of music performance art; in the process of preparing a piece of music for performance, leading the performers (orchestra, choir, ensemble, opera, ballet groups, etc.) in front of the audience. It is usually performed by one (sometimes two) conductors. D. ensures harmony, artistic and technical perfection of collective music performance.

**Key words:** conductor, treble clef, largo, waltz, tempo, violin, instrumental music, music

**Kirisiw:** Dirijyorlıq kásibin iyler ekensiz, biziń eń baslı quralmız álbette qollar esaplanadı. Qol funkciyaları dirijyorlıq óneriniń rawajlanıwı dáwirinde qáliplesken. Ońqol metronom wazıypasın, bárhama berilgen temp hám ritmdi saqlap turǵan halda atqarıladı. Ol tek ǵana shıǵarmanıń tamamlanıwı hám de lyuftpauzalar yamasa fermatalarda toqtatıladı. Zárúr orınlarda (egerde bul ritm háreketine qarsı bolmaǵan jaǵdayda) onıń járdeminde muzıka baǵdarın shep qoldı úlken júklemeden azat etiw maqsetinde kórsetiw múmkin. Ońqolda tap shep qol sıyaqlı barlıq talaplardı – háreket, shtrix, dinamikalardı atqaradı.

Geyde koncertlerde eki qolı menen takt belgilep, muzıkanıń pát hám metrin tek mexanikalıq tárizde kórsetiwshi dirijyorlardı kóriwimiz múmkin. Olardıń hár eki qolı takt beriw menen bánt boladı. Sol sebepli, olarda basqa wazıypalardı orınlawǵa múmkinshilik joq. Shıǵarmanıń kórkem tárеplerin kórsetiwde shep qoldan nátiyjeli paydalanıw ornına onıń menen oń qol háreketlerin qaytarar eken, dirijyor óz texnikasın jarlılanıwına jol qoyadı.

Parallel túrde shep qoldı da takt beriwge isletiw, atqarıp atırǵan muzıkanıń kórkem sapasın kórsetiwge múmkinshiligi qalmaydı. Geypara dirijyorlar bunday jaǵdaydıń mánissizligin ańlap, geyde tek oń qolın takt kórsetiw ushın qollanadı. Biraq, bul jaǵdayda shep qol ne jumıs atqaradı? Aldın ol partitura betlerin betleydi, keyninen uǵımsızlıq penen tómen tárizde taktlaw procesine qosıladı, ol tárepi taǵı betlew ushın tómenge túsiriledi, geypara jaǵdaylarda shep qol dirijyor denesinde ázzi bir jaǵdayda asılıp turadı hám orkestrdi basqarıw procesinde ulıwma qatnaspaydı da yamasa taǵı oń qolǵa qosılıp takt belgilewge túsedi. Hárqanday bólek jaǵdayda háreкettiń qanday túrin qollanıw kerek? Bul dáslep muzıkanıń xarakteri, dinamikası, fakturası, shıǵarmanıń hárqanday bólimindegi tempke baylanıslı. Bunnan tısqarı háreкettiń muwapıqlıǵı, onıń proporcionallıǵın belgilewde dirijyor tek ózine qolaylı hám erkin bolıwın hám sońında, háreкettiń ayqın kózge taslanıwın esapqa alıwı kerek. Sol sebepli dirijyordıń qol háreketleri plastik, ápiwayı, ańlatpalı, muzıkaǵa muwapıq túsinikli hám anıq bolıwı kerek. Qol háreketleri járdeminde dirijyor atqarıwshılar jámáátine óziniń kewil keshirmesin, oy-pikirlerin jetkeredi. Qala berse, atqarıwshılıqtaǵı zárúrli bolǵan kórkem wazıypalardı júkleydi.

Oń qol da, shep qol da qálegen wazıypanı orınlawına qaramastan, dirijyorlıq ámeliyatında hár eki qolǵa bólek talaplar qoyıladı. Sol sebepli olardı bólek tárеplerin kórip shıǵamız.

**Tiykarǵı bólim:** Dirijyorlıqta basqarıw wazıypasın orınlawshı oń qol dáslep taktlaw, yaǵnıy salmaq bólimlerin kórsetiw, shıǵarmanıń salmaq dúzilisin kórinetuǵın bolıwına mólsherlengen. Usınıń menen birge ol saz ásbaplar yamasa

dawıslar orınlanıwına bezek beredi, akcentler, fermatalar, sinkopalardı belgileydi, tempti anıqlaydı, háreket xarakterin, dinamikasın sáwlelendiredi. Bunnan kórinip turǵanınday, ol da oń qol mexanikalıq túrde emes, al atqarıp atırǵan muzıkanıń qásiyetlerinen kelip shıqqan halda isleydi. Oń qol – jetekshi, isenimli, ǵayratker, "qatań" qol bolıp tabıladı. Kópshiliktiń dıqqat orayında bolǵan, dirijyordıń ritmikalıq kórsetpelerin sáwlelendiriwshi tayaqsha da áyne oń qolda boladı. Solay eken, shep qol takttı belgilewde zárúrli orın tutpaslıǵı óz-ózinen belgili boladı.

Zamanagóy dirijyorlıq texnikası hár eki qol háreketi menen belgileniwi sıyaqlı gónergen hám paydasız ádetten qashannan berli waz keshken. Igor Markevichtiń jazıwınsha, parallel túrde takt belgilew dál pianinoshı birdey biyikliktegi tek unison sesler uyǵınlıǵın shertiwdi bilgeni sıyaqlı mánissiz bolıp tabıladı. "Dirijyordıń oń qolı ónerment (miynetkesh mánisinde), biraq shep qolı artist". Bul inglis naqılı hár eki qoldıń túpkilikli wazıypaları tuwralı maǵlıwmat beredi.

Dirijyor oń qolı menen takt ólshemin, ritmdi, sonıń menen birge zárúr atqarıwshılıq páti (temp), atqarıwshılıqtı baslaw hám tamamlaw, frazalardı tuwrı aytıw, artikulyaciya (shtrix) hám názikliklerdi ańlatadı.

Shep qol saz ásbaplar, dawıslar, orkestr gruppalarına, xor hám jeke atqarıwshı partiyalardı atqarıwshıǵa jollaması bolıp tabıladı. Ol atqarıwshılıqtıń dinamikalıq táreplerin bildiredi. Bunnan tısqarı, tiykarınan shep qol járdeminde muzıkalıq bayanat ajıratıladı, gápler basqasha kórsetip ótiledi, hawazlılıq, ayrıqsha pauzalar kórsetiledi, muzıkalıq forma uyqaslıq, faktura ózgeriwi kórsetip barıladı.

Joqarıda aytılǵanlar oń qol yamasa hár eki qol menen bir waqıttıń ózinde atqarıp bolmaydı degeni emes. Biz tek dirijyor qollanıwı múmkin bolǵan háreketler hám olardı hár túrli atap ótip, olardıń erkinligi hám muwapıqlıǵı haqqında, al áyne jaǵdayda – qol ǵárezsizligi haqqındaǵı máseleni alǵa súremiz. Dirijyor qolı bir-birine baylanıslı bolsa da, ulıwma erkin jaǵdaydı tutıw kerek. Bir qoldıń ekinshisi háreketlerin qaytarıwı, bul háreketlerdiń bay emesligin kórsetedi, dirijyordaǵı birdeylik jolın ańlatadı. Bul álbette, simmetriyalıq háreketlerdi qollanıwdan waz keshiw kerek degeni emes – kóbinese olardan aljasıwdıń ózi qıyın. Mısalı, orkestr qúdiretli hám saltanatlı jańlaǵan waqıtta onıń xarakterin anıq ańlatıw ushın dirijyordıń qolı óz-ózinen jaǵdayǵa kirip, birdey háreketler menen biri ekinshisin qollap-quwatlaydı. Biraq, simmetriyalıq háreketlerdi uzaq waqıt qollanıw hárekettiń ápiwayılıǵına, dirijyorlıqtı birdeylikke alıp keledi hám atqarıp atırǵan muzıkanıń emocional múmkinshilik maydanın jaratıp bere almaydı.

Oń hám shep qol ortasındaǵı tiykarǵı ayırmashılıq sonda, takttı belgilewdi oń qol atqaradı, al qalǵan wazıypalardı oń hám shep qol birge atqarıwı kerek. Wazıypalardı bul tárizde tuwrı bólistiriw dirijyorǵa shıǵarmanıń barlıq tárеplerin tolıqlıǵınsha ashıp beriwge múmkinshilik jaratadı. Usınıń menen birge hár eki qol háreketi qatań muwapıqlastırılǵan hám olardıń wazıypaları hár túrli, sondaǵı birden-

bir maqset – muzıkanı barlıq detalları menen múmkinshiligi barınsha tolıq atqarıwǵa qaratılǵan bolıwı shárt. Eger dirijyor solaqay bolsa, ol jaǵdayda shep hám oń qol wazıypaların almastırıw múmkin, sebebi bunday dirijyor tiykarǵı ritmdi shep qol menen (onıń ushın jetekshi qol) alıp barıwı, dinamika hám qalǵan ayırqshalıqlardı bolsa oń qolı menen biymálel kórsetiwi múmkin.





Orkestr hám muzıka ushın bunıń ayırmashılıǵı joq. Solay etip, tómendegishe juwmaqlawshı pikirge keliw múmkinligine isenim payda boldı: Oń qol takttı baslaydı, yaǵnıy muzıkanıń tiykarǵı ritmi hám salmaǵın, onıń dinamikası hám xarakterin basqarıp baradı. Shep qol moynına bolsa muzıka dinamikası hám xarakterin belgilew, bólek dawıslar yamasa orkestr gruppaları, xor, jeke atqarıwshılardı atqarıwshılıqqa ótiwin kórsetiw wazıypası júkletiledi: Bul ásirese opera hám muzıkalı teatrǵa tiyisli jaǵday bolıp tabıladı. Shep qol muzıkalıq atqarıw detalların kórsetedi, dirijyordıń sezimlik kórkem táreplerin ańlatıwına xızmet etedi.

Qálegen háreketler erkinshiligine hám olardıń muwapıqlıǵına, qoldıń ǵárezsizligine qanday erisiw múmkin? Bul maqsetke erisiwdiń dáslepki basqıshı salmaǵına tán sxemalardı ózlestiriwden ibarat. Kóp jaǵdayda bul sxemalar menen tanısıwda eki qol isletiledi. Bunda studentte hár eki qoldı simmetriyalıq tárizde háreketlendiriw ádeti qáliplesedi jáne bul keyinirek qol háreketlerdiń erkinligine erisiwdi qıyınlastıradı. Keyinirek waz keshiw kerek bolatuǵın háreketlerge úyreniwden ne payda? Shep qol oń qoldı tákirarlawǵa yamasa takt belgilewge tayar boladı, biraq úyreniwshiniń wazıypası naǵız ózinen aljasıwdı túsiniwinde bolıp tabıladı. “Bunday jaǵday da baqlanıwı múmkin, eger dirijyor solaqay bolsa.

Esaptan tısqarı jol menen de dirijyordıń solaqay bolıwına geyde jol qoyılıwı múmkin. Bul jaǵday orkestr atqarıwshılarına málim bolsa, orkestr bunday dirijyorlarǵa iykemlesiwi ańsat boladı. Ádette, shep qol oń qoldıń járdeminde tómendegi wazıypalardı atqaradı: ol dinamikalıq túsler (nyuanslar)dı anıqlastıradı hám muzıkantlar tiyisli proceske tayar bolıwı ushın bórttirip kórsetedi. Bunnan tısqarı, bul qol dirijyordıń pútkil gewde háreketleri menen birge tiyisli Andante lirikalıq yamasa Allegro ayaq oyını shaqqanlaw atqarıw zárúr ekenligin kórsetip beredi”. Dirijyorlıq procesinde de qoldıń háreket túrleri ráńbáreń boladı:

A) parallel – eki qol parallel háreketler atqaradı;

B) hár qıylı – bir qol taktlap atırǵanda, ekinshi qol dawıslardı bálent yamasa páslep atırǵanlıǵın kórsetedi.

Shıǵarmanıń xarakteri, dinamikası, fakturası usı xarakterler menen kórsetiledi. Solay bolsa da qol ushın da belgili bir shártli háreketler bar. Mısalı, júdá áste pp (pianissimo) shertilip atırǵan namanı úlken, kúshli háreketler menen kórsetiw yamasa qattı dawıstaǵı sesler uyǵınlıǵın ff (fortissimo) kishkene, shıdamsız mimikalıq belgiler menen ańlatıw múmkin emes. Salmaqlı saldamlı namanı (legato) háreketler menen kórsetiw múmkin emes. Ulıwma qaǵıydalardan taǵı biri – atqarıwshılıq procesinde oń qol jetekshi wazıypanı atqarıp, shıǵarmanı racional (intellektual) mazmunın kórsetip atırǵan bolsa, shep qol onı emocional (qásiyet) táreplerin ańlatadı.

Oń qol taktlaw (bir ırǵaqta urıp) menen, yaǵnıy shıǵarmanıń kriteriyasın (metr) hám de kriteriya bólimlerin kórsetiw menen bánt boladı. Usınıń menen birge, ol shıǵarmanıń tezligin (pát), xarakterin, dinamikasın, ásbaplardıń kirisiwin, pát, fermata hám sinkopalardı da kórsetedi. Qullası, oń qoldıń wazıypaları shıǵarmanıń mánisi menen anıqlanadı. Áyne sol háreketlerdi shep qol da orınlaw múmkin. Ol da saz ásbaplardı orkestr gruppaları, xordıń kirisiwleriń dinamikaların, namalardıń dúzilisin, hawazlı baslanıwı hám sonıń menen birge, usı háreketlerdi eki qol birgelikte orınlawı da múmkin. Biraq, shep qol menen mudamı oń qol háreketlerin tákirarlaw dirijyordıń texnikalıq enciklopediyalıq sózliginiń bay emesligin kórsetedi. Lekin, úlken saltanatlı shıǵarmalardı, opera saxnalarında xor, orkestr, solistler qatnasıwında atqarıp atırǵanında, qol erksiz birdey mimikalıq belgilerdi beriwi múmkin. Dirijyor qol háreketleriniń túrleri kóp. Biraq, olardıń arasınan atqarıp atırǵan shıǵarmanıń mazmunına tuwrı keletuǵınlardı tańlaw dirijyordıń aqılına, zeyinine, sezimine baylanıslı. Bul maqsetke erisiw ushın dirijyor az sonda da óziniń bas miy dúzilisi jóninde bilimlerge iye bolıw kerek. Medicina ilimi sonı kórsetedi bas miydiń hárbiri ózine muwapıq tolıq qáliplesken yarımsharlardan ibarat. Ekewiniń jumısı hár túrlı, biraq olar bir-birin qadaǵalap turadı. Mısalı, skripkashını, yamasa rubabshını shıǵarma atqarıwshılıǵına keltiriw múmkin. Olardıń eki qolı bir waqıttıń ózinde túrli wazıypalardı orınlap atırǵanlıǵı bul pikirdiń dálili bolıp tabıladı. Usı mánisten alıp qaraǵanda dirijyor da óz qol háreketlerin qadaǵalap, bir waqıtta hár túrlı mimikalıq belgiler islew múmkin. Onıń ushın túrli shınıǵıwlar bar. Olardı jetilisken túrde orınlaw ushın tájiriybe, bay texnikalıq sózlik hám bilim kerek.

Bul jol bolsa kriteriya (metrik) sxemalardı úyreniwden baslanadı. Shep qol tómendegi wazıypalardı atqaradı:

– melodikalıq háreketti sáwlelendiriw;

– barlıq úziliw, sozıq notalar hám muzıkalıq qatardıń qalǵan táreplerin kórsetedi;

– háreketler, shtrixlar, dinamika, onıń ózgerislerin hám kórinislerin sáwlelendiriw;

– ayrıqsha muzıka toparlarınıń ayrıqsha shıǵıwların kórsetiw, yaǵnıy tiykarǵı atqarıw júklemesin orınlaw, sonıń menen barlıq melodikalıq, shıǵarmanıń

dramatikalıq rawajlanıwı boyınsha baqlaw ornatıw. Shep qol óziniń háreketlerinde birqansha erkin bolıp, bul háreketlerdi avtomat túrde atqarıw lazım.

Atqarıwda dirijyor oń qol menen shep qoldıń unison mısalı, bir-birin tákirarlanıwın shetlep ótiwi talap etiledi. Manual texnika latınsha “manos” – “qol” sózinen alınǵan. Bul – dirijyorǵa óz maqsetlerin; pát, ritm, metr, xarakter, dinamika haqqındaǵı “áhmiyetli informaciyanı” jetkeriw; arnawlı bir saz ásbap yamasa gruppalardıń atqarılıwın kórsetiw, shıǵarmanı óz analizinde kórsetiw quralı bolǵan háreketler jıyındısı bolıp tabıladı. Manual texnika dirijyorǵa onıń “ásbabı” bolǵan orkestrdi basqarıw, onnan ózine kerekli muzıka shıǵarıw quralı bolıp xızmet etedi. Bunda manual texnika maqsetsiz bolmastan, al atqarıp atırǵan muzıkadan ruwxlanıp jańlawı sıyaqlı bas maqsetke baǵınıwı kerek. Ol tıńlawshılarǵa, hátteki dirijyor basqarıp atırǵan orkestrge de sezilmewi kerek. Usınıń menen birge “jaman qol”, yaǵnıy “Dirijyorlıq texnikası tiykarı”na iye bolmaǵan hám usı waqıtta joqarı atqarıwshılıq qábiletine iye bolǵan dirijyorlar da joq emes. Mısa S.I. Savshinskiydiń “Pianinoshı hám onıń iskerligi” dep atalǵan miynetinde jazǵan sózlerin keltiriw múmkin: “Ullı dirijyor Otto Klemperer dáslepki ret Leningradta koncert bergeninde Mocart, Betxoven, Brams dóretpelerin atqarıp, tamashagóyler kewlin kótergende onıń texnikası ulıwma joq eken, dewshiler de tabıldı. Olar ásirese, orkestr aǵzaları hám jas dirijyorlar arasında kóp edi. Negizinde, orkestr sonda dirijyor niyetin tolıq ámelge asırıwshı, yosh penen orınlawshı birden-bir saz ásbap sıyaqlı islegen edi. Óytkeni, kózge ayqın taslanıp turmaǵan texnikasın iyelewdiń ózi kórkem ónerdegi ullı texnika emes pe?!” [1: 7].

Solay etip, dirijyorlıq texnikası sebepli, dirijyor atqarıwshılar menen baylanıs ornatadı jáne onı uslap turadı, muzıka xarakterin onıń ideyası hám keypin plastik tárizde kórsetedi. Ol ózindegi ruwxıylıqtı orkestrge ótkergen halda onıń hawazlılıǵın támiyinlep shıǵarmanıń formasın jaratadı. Mánisli manual texnika, anıq obrazlı qol háreketi atqarıwshılıqtıń kórkem bolıwına xızmet etedi. Qol háreketleri tilin jaqsı iyelegen dirijyor shıǵarmanı áyne waqıtta qalay qálese, solay atqarıwı múmkin, eger bul jaǵday repeticiyadaǵıdan kóre ayrıqshalaw bolsa da. Bunday atqarıw tıńlawshı da úlken tásirleniw qaldıradı. “Amplituda” latınsha amplitudo sózinen alınǵan bolıp, keńlik yamasa kólemdi bildiredi. Muzıka dawısınıń kúshi shayqalıwınıń keń-qısqalıǵına baylanıslı.

Terbelis qansha keń bolsa, dawıs sonsha qattı boladı hám kerisinshe. Dirijyor qol háreketiniń amplitudası muzıkanıń dinamikası, tempi, xarakterinde sáwlelengen boladı. Muzıkanıń bálent jańlawı keńlew, shaqqan, úlken háreketlerdi talap etedi, al áste jańlawı kerisinshe pásirek hám ástelew háreketlerdi talap etedi. Muzıkanı tez pát penen áste jańlawında qol háreketleriniń shaqqanlıǵı hám aktivligi saqlanıp qaladı. Bunda háreketler kólemi úlken bolmawı kerek, sebebi hádden tıs keń, úlken háreketler temptiń tutılıwı hám qoldıń sharshap qalıwına alıp keledi. Qala berse, áste

pátte de keń qol háreketin hátteki, “fortissimo” (ff) ushın da qollanılıwı mudamı da kerek bolmaydı

Ulıwma, dirijyor ózinde qol háreketi amplitudası normasın saqlaw sezimin tárbiyalawı kerek. Ol hádden zıyat úlken, keń háreketlerden qashıwı kerek. Háreket múmkinshiligi barınsha ańlatılıwı hám puqta bolıwı kerek. Úlken amplitudaǵa berilip ketiw dirijyordıń háreketleri ańlatpalı hám anıq bolmay qalıwına alıp keledi. Qalaberse, bul mudamı atqarıp atırǵan muzıka xarakterine tuwrı kele bermeydi. Geyde dirijyor orkestrden piano (p) talap etken halda, onıń háreketleri áyne forte (f) ǵa uyqas kiyatırǵanlıǵına itibar bermey atırǵanlıǵına gúwa bolamız. Bunday kemshilik tek ǵana iskerligin endi ǵana baslap atırǵan, sonday-aq, tájiriybeli dirijyorlarda da boladı. Háreket amplitudasınday ańlatpa quralı sıpatında paydalanıwdı ayrıqsha jaǵdayı dep onıń kútpegende yamasa uyań-áste temp almasıwı waqtında ózgertiwden ibarat. Ádette, “crescendo” waqtında háreket amplitudası úlkeyiw tárepke, “diminuendo” waqtında bolsa azayıw tárepke ózgeredi.

Hárekettiń kútpegende qısqarıwına, onıń kútpegende kóbeyiwi sıyaqlı shaqqan háreketi menen erisiledi. Sol orında atqarıwı jámááttiń sanı da úlken áhmiyetke iye ekenligin esten shıǵarmaw kerek;

dirijyor aldında kóp adam otırsa, ol kútilmegende úlken háreketlerge ótip ketiwi tábiyiy hám óz gezeginde bunıń kerisinshe terisi de bolıwı múmkin. Dinamika grekshe dinamikos (kúshli) muzıka dawıslarınıń qattıáste atqarılıwı. Dinamikanıń tiykarǵı túrleri f – qattı, kúshli; p – áste, crescendo – dawıstı az-azdan kúsheytiw, diminuendo – dawıstı az-azdan tómenletiwden ibarat. Dinamika – ańlatpalı atqarıwshılıqtıń zárúrli quralı, shıǵarmanıń emocional mánisin ashıp beriwdiń faktorlarınan biri bolıp tabıladı. Onıń tayaqshası “forte” hám “piano” hám de olardıń eń bálent hám tómen (ff hám pp), aralıq mf hám mp basqıshları dep esaplanadı. Onnan tısqarı muzıka kórkem ónerindegi dinamikaǵa crescendo, sforzando, akcent hám basqa túsinikler de kiredi. Dinamikalıq belgilersiz dóretpe mánisin ashıp beriw múmkin emes. Olarsız dóretpe bos hám jansız bolıp shıǵadı.

Dirijyorlıqta ol yamasa bul dinamikalıq belgisin ańlatıw quralların biri sıpatında háreket úlkenligi, yaǵnıy onıń amplitudasın kórsetiw múmkin. Muzıka bálent esitilgende oǵan keń hám úlken háreket, tómen esitilgende kishilew háreket sáykes keledi. Soǵan qaramastan háreket amplitudası dinamika ózgeriwin kórsetiwdiń tiykarǵı quralı emesligin este saqlaw kerek. Qol háreketiniń shaqqanlıǵı, mánisi onnan da zárúrli bolıp tabıladı. Dóretpe, epizod, gáp, saz ásbap hám dawıslar atqarıwshısı waqtında ajıratıp kórsetiliwi kerek bolǵan hár qanday dinamikalıq yamasa ritmikalıq xarakterdegi bólekti kórsetiw ushın dirijyor tayarlawshı yamasa eskertiwshi qol háreketin isletedi. Onı qosıqshı yamasa demli saz ásbaplardıń dem alıwına salıstırıw múmkin. Bunday qol kóteriw auftakt dep ataladı.

Auftakt – bul nemisshe sóz bolıp, takt ústi, dáslepki qol kóteriw degen mánisti ańlatadı. Atqarıwshılıqta orınlanıwı kerek bolǵan ol yamasa bul tárep haqqında eskertiwshi hárbir háreket, áyne halatına tán ayrıqshalıqlar ańlatpası bolıp tabıladı. Sol sebepli auftakt sonshelli anıq hám túsinikli bolıwı kerek, onı atqarıwshılar dirijyor maqsetine muwapıqlıq formasında qabıllawı kerek. Bunnan kórinip turǵanınday, ol da, dawıs jańlawına sebep bolıwshı hároketten aldın oǵan tayarlawshı háreket bolıwı kerek jáne onıń tábiyatı sol dawısqa sáykes keliwi kerek. Dirijyor kórsetpesi mudamı real dawıstan aldın boladı. Auftaktlar óz áhmiyeti hám xarakteri boyınsha túrlishe bolıp tabıladı. Mısalı, túrli atqarıwlardı ańlatıwshı auftaktlardıń dawam etiw waqtı hám dinamikası atqarıp atırǵan muzıka xarakteri menen belgilenedi. Auftaktlardıń úzliksiz shınjırı sebepli dirijyor óz dóretiwshilik maqsetlerin aldınan túsindiriwi múmkinshiligine iye boladı.

"Auftakt" muzıka teoriyasında basqa mániste qollanılıwı múmkin (mısalı kúshli úleske tuwrı kelmeytuǵın bir yamasa birneshe notanı ańlatıwı múmkin). Biraq, biziń jaǵdayımızda ol dirijyordıń tayarlıq háreketi, yaǵnıy atqarılatuǵın notanıń barlıq qásiyetlerin (dóretpe basında yamasa pauzadan keyin bolıwınan qaramastan) ańlatıw háreketlerin kórsetedi". "Auftakt dirijyorlıqta tap saz ásbaplardıń úzliksiz baylanısıw shınjırına uqsaydı. Ol – dirijyor hám atqarıwshılar ortasındaǵı sherikliktiń kerekli, zárúr hám áhmiyetke iyelik etiw shárti bolıp tabıladı. Ol dirijyor oyda sáwlelendiriwindegi dawıs obrazınan dirijyor jaratıwshı real dawısqa shekem bolǵan kópir", – dep jazǵan edi A.P.Ivanov-Radkevich [2: 52].

Auftakt járdeminde dirijyor atqarıwdıń baslanıwı hám takttaǵı hárbir úles basın, dinamikalıq hám pát ózgeriwin, dawıstıń ótkirlik hám dawam etiw waqtı dárejesin hám de dawıstıń obrazlı mánisin kórsetedi. Ol ilmek, sańlaq yamasa tóbege baǵdarlanǵan ápiwayı sızıq formasında bolıwı múmkin. Onıń baǵdarı tiykarǵı háreket baǵdarına qaray anıqlanadı. Auftakttıń dawam etiw waqtı tolıq atqarıp atırǵan dóretpe pátine baylanıslı hám takttıń bir esap úlesi yamasa atqarıw túrine qarap onıń bóleginiń dawam etiw waqtına baylanıslı. Áste pát áste auftaktlardı, tez-tezden talap etedi. Olardıń uzınlıǵı hám kúshi kompozitor tárepinen óz shıǵarmasında sáwlelengen muzıkalıq obrazlar xarakterine baylanıslı. Turaqlı tempte barlıq úlesler dawam etiw waqtı boyınsha birdey boladı. Sol sebepli auftakt tezligin arttırılıwı takt úlesiniń dawam etiw waqtın qısqartadı. Dirijyorlıqta bir qol háreketleriniń bes baǵdarına dus kelemiz.

1. Vertikal sızıq boylap joqarıdan tómenge (hár taktta)
2. Tómennen joqarıǵa ("Ekige" taktında)
3. Gorizontal sızıq boylap – shep tárepten ońǵa ("Úshke" taktında hám basqa)
4. Oń tárepten shepke (tórtke, altıǵa hám basqa úleslerde)
5. Iymek sızıq boylap tómennen (oń tárepten) joqarıǵa hám ortaǵa – "Úshke" taktınan baslap kópshilik taktlarda sońǵı úles. Sonı atap kórsetiw kerek, epizod

aldında beriletuǵın auftaktta sol epizodtıń páti (tempi) kerisinshe kórsetiletuǵın jáne onıń dawam etiw waqtı metrik úles yamasa sxema úlesine teńlestirilmeytuǵın jaǵdaylarda boladı. Mısalı, dóretpe basında fermata turıptı, onnan aldın atqarılatuǵın auftakt nama jańlaw waqtında onıń dinamikasın, xarakterin anıq belgilewi kerek. Bunday jaǵdayda auftakt páti hám uzınlıǵı atqarıp atırǵan muzıka pátin anıq sáwlelendirmeydi.

Birinshi qol háreketinen-aq tempti kórsetiw mútájligi bolmaǵanda, auftakt tek ol aytıwı kerek bolǵan dawıs penen belgilenedi, yaǵnıy saz ásbaplar, dawıslar quramı, tessitura, dinamika, uzınlıq, logikalıq mánis, bir sóz benen aytqanda, dawıstı quraytuǵın barlıq háreketler menen belgilenedi. Bul mudamı dóretpe basında, fermatadan aldın, kóbirek tómen pátte, ásirese uzaq notalar aldında boladı. Metrlik emes auftakt tez, qısqa, ótkir, hákis yamasa toqtap qalıw menen tawsılatuǵın (auftakt stakkato) tegis hám áste (auftakt tenuto), yamasa tiykarǵı háreketi menen tikkeley baylanıslı bolıwı múmkin, (auftakt legato). Bulardıń barlıǵı dirijyor qol háreketi qaysı dawısqa tiyisli ekenligine, dirijyordıń individuallıǵına baylanıslı. Auftakttan aldın dirijyor qolın tiyisli jaǵdayda tutıwı kerek. Mısalı, eger taktlaw takttıń birinshi úlesinen baslansa, ol jaǵdayda qol tiykarǵı háreket noqatınan tómenlewde hám anaǵurlım oń tárepte jaylasıwı kerek. Eger muzıka ólshemde baslansa hám orkestr birinshisin atqarıp atırǵan bolsa, ol jaǵdayda auftakttı tórtinshi sherek sıpatında orınlaw kerek. Bunda onıń dawam etiw waqtı takttıń pútkil úlesine teń boladı.

**Juwmaq.** Muzıka takttıń ekinshi úlesinde baslansa, auftakt ádette ilmekli bolmaydı hám qoldıń háreketi qasıq penen suyıqlıq alıw halatına uqsap ketedi. Eger muzıkalıq ólshemde takttıń ekinshi úlesinde baslansa, dáslepki noqat takttıń birinshi úlesi aldınnan emes, vertikal sızıqtıń tómeninde yamasa ortasında boladı. Bul "Tórtke" taktınıń úshinshi úlesine de tiyisli. Eger ólshemde orkestr tórtinshi sherekten baslasa, auftakt úshinshi úleste atqarılıwı kerek boladı. Auftakttıń kúshi dóretpe dinamikasına baylanıslı. Kúshli jańlawǵa aktivlew, shaqqanlaw auftakt sáykes keledi, kúshsiziregi pásirek boladı.

Auftakttıń dawam etiw waqtı hám kúshi muzıkanıń dinamikasına hám pátine tolıq sáykes keliwi ushın, dirijyor aldınnan atqarıwı kerek bolǵan muzıkanıń tempin hám xarakterin anıq seziwi kerek. Takttıń pútkil úlesin iyelewshi auftakt, mudamı sxema boyınsha bayanattı baslawı kerek bolǵan úlesten aldın turǵan úleske baǵdarlaydı. Úlestiń bir bólegin iyelewshi auftakt bolsa atqarıwshılıq baslanatuǵın úles baǵdarın qabıl etedi. Bul aytılǵan dirijyorlıqta auftakttıń ózi ótiwi kerek bolǵan háreketti tayarlawshı kóp háreket sıpatındaǵı zárúrli áhmiyetin ashıp beredi hám álbette auftakttıń sáwleleniw kúshi, onıń atqarıwı menen bekkem baylanıslılıǵı dirijyordıń muzıka keypiyatı, xarakteri, pátin qanshelli anıq seze bilgenligine baylanıslı. Eger ol aldınan baslanıwdı "esite" alsa, bul auftakttı kórsetiwshi háreketke tezlik kerekli mánis hám anıqlıqtı kiritedi. "Artur Nikish – auftakttıń ayrıqsha ustası

bolǵan edi" [3: 167], – dep jazadı Nikolay Andreyevich Malko óziniń "Dirijyorlıq texnikası tiykarları" kitabında", geyde orkestr muzıkantlarıń ózleri nege ol yamasa bul qıyın atqarıwshılıqtı sonshelli ańsat shıǵıwın túsindirip bere almas edi. Dirijyordıń qolı qápelimde túrtki beretuǵın edi, tómenge túserde hám pútkil orkestr bir kisi sıyaqlı dirijyor qálewin atqaratuǵın edi".

## Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi

1. Mısa S., Savshinskiy I. «Pianinoshı hám onıń iskerligi». Moskva. "Muzika" baspası. 1961, 7-bet

2. Канерштейн М. Вопросы дирижирования. – М. «Музыка», 1972. стр 52.

3. Мусин И. О воспитании дирижёра. – Л., «Музыка», 1987г. стр 167.

## MAZMUNÍ

### MUZÍKATANÍW


| | | |
|---|---|---|
| 1 | **Ходжаметова Г.И.** КАРАКАЛПАКСКАЯ ТРАДИЦИОННАЯ МУЗЫКА КАК ПЕРВООСНОВА СОЧИНЕНИЙ ФОРТЕПИАННОЙ МУЗЫКИ | 3 |
| 2 | **Charshemov J.** P.XINDEMITNING “LUDUS TONALIS” TSIKLINING GARMANIK TAXLILI | 10 |
| 3 | **Мухаммедниязов К.Т.** ИЗУЧЕНИИ ПРОБЛЕМЫ ВЗАИМОСВЯЗИ МУЗЫКИ И СЛОВА НА ПРИМЕРЕ «ПОЭТИКИ» АРИСТОТЕЛЯ | 16 |
| 4 | **Abatbaeva R.O.** XX ASRNING IKKINCHI YARMIDA QORAQALPOQ MUSIQASI | 22 |
| 5 | **Саидхонов А.С.** ДВЕНАДЦАТЬ ГРАНИ СОВЕРШЕНСТВА (На примере трансцендентные этюды Ференца Листа) | 29 |
| 6 | **Жумабаев А.Е., Муратбаева А.А.** МУЗЫКАЛЬНАЯ ФОЛЬКЛОРИСТИКА | 42 |
| 7 | **Saburova U.M.** LYUDVIG BETXOVEN IJODIDA VARIATSION SHAKL | 48 |


### KÓRKEM ÓNER


| | | |
|---|---|---|
| 8 | **Allanbaev R.O.** QORAQALPOQ KOMPOZITORLARI ASARLARIDA MUSIQIY DRAMALAR | 53 |
| 9 | **Abdullaev F., Muratbaev A.** QARAQALPAQSTANDA DEMLI ORKESTRININŃ DÚZILIWI HÁM ONÍŃ RAWAJLANÍW BASQÍSHLARÍ | 59 |
| 10 | **Qurbanazarov P.** DAMLI CHOLG‘ULAR VA ULARNING RIVOJLANISH BOSQICHLARI | 65 |
| 11 | **Shermatov K.E.** BUYUK ALLOMALAR ABU ALI IBN SINO VA ABU NASR FAROBIYLARNING MUSIQIY MEROSI | 73 |
| 12 | **Abdullaeva U., Razatdinova A.** KOMPOZITOR KEŃESBAY ABDULLAEVTÍŃ QARAQALPAQ XALÍQ NAMALARÍNÍŃ RAWAJLANÍWÍNA QOSQAN ÚLESI | 80 |
| 13 | **Александрова О.А.** ПАМЯТИ ОПЕРНОГО ПЕВЦА КУРКМАСА МУХИТДИНОВА | 86 |
| 14 | **Allaniyazov B.** SKRIPKANING TARIXIY RIVOJLANISH JARAYONI | 91 |
| 15 | **Erejepov A.A.** QARAQALPAQ BAQSISHILIQ MEKTEPLERINIŃ ATQARIWSHILIQ KÓRKEM ÓNERI ÓZGESHELIKLERI HAQQINDA | 98 |

| | | |
|---|---|---|
| 16 | **Kamalova G.M.** HIKMAT RAJABOVTIŃ DÓRETIWSHILIGINE TÁN ÓZGESHELIKLERI | 104 |
| 17 | **Dosimbetov B.X.** CHOLG‘U IJROCHISINI KONSERT VA SAHNA NAMOYISHIGA TAYYORLASHNING PSIXOLOGIK XUSUSIYATLARI | 113 |
| 18 | **Zuxurov M.M.** DIRIJYORLIQTA QOL HÁREKETLERINIŃ DURIS ATQARILIWI HÁM OLARDI RAWAJLANDIRIW | 120 |
| 19 | **Embergenova G.A., Yo‘ldoshev L.E.** XOR ASARLARINI TAHLIL QILISH OMILLARI | 130 |
| 20 | **Paxratdinova L.Sh.** SKRIPKA SAZ ÁSBABÍ TARIYXÍ | 136 |
| 21 | **Karimova I.I.** SKRIPKA SAZ ÁSBABÍNA SHÍǴARMA JAZǴAN DÓRETIWSHILER HÁM PROFESSIONAL ATQARÍWSHÍLAR ÁHMIYETI | 145 |
| 22 | **Rejepov Sh.B.** ǴAYÍP DEMESINOVTÍŃ FORTEPIANO DÓRETIWSHILIGI (“Prelyudiya”ları mısalında) | 153 |
| 23 | **Mamutov P.A.** TEATRDÍŃ TARIYXÍY QÁLIPLESIWI HÁM DRAMATURGIYANÍŃ RAWAJLANIW BASQÍSHLARÍ | 159 |


**MUZÍKA PEDAGOGIKASÍ**


| | | |
|---|---|---|
| 24 | **Umarova V.A.** MUSIQA-IJROCHILARNI TANLOVLARGA TAYYORLASHDA USTOZ VA OILANING ROLI | 164 |
| 25 | **Tnibaev P.K.** DAMLI CHOLG‘ULARNI TALABALARGA O‘RGATISH: PEDAGOGIK YONDASHUVLAR VA METODLAR | 169 |
| 26 | **Элмуродова Г.А.** СОВЕРШЕНСТВОВАНИЕ ТЕХНИКИ ПО ПРЕДМЕТУ ФОРТЕПИАНО (НА ПРИМЕРЕ ЭТЮДОВ К. ЧЕРНИ) | 173 |
| 27 | **Iseev R.** FORTEPIANO ATQARÍWSHÍLÍǴÍNDA POLIFONIYA JANRÍNÍŃ AHMIYETI. POLIFONIYALÍQ SHIǴARMALAR USTINDE JUMÍS ALÍP BARÍW | 180 |


**JÁMIYETLIK-GUMANITAR PÁNLER**


| | | |
|---|---|---|
| 28 | **Jabbarov I.A., Bazarbaeva N.I.** MOBILE APPLICATIONS AS A CONTEMPORARY INSTRUMENT FOR ENHANCING ENGLISH LANGUAGE LEARNING | 187 |
| 29 | **Marziyaev J.K.** JOQARÍ OQÍW ORÍNLARÍNDA JURNALIST QÁNIGELERDI TAYARLAW | 194 |
| 30 | **Kalimbetova S.A.** O‘ZBEK JADID DRAMATURGIYASI VA TEATRI (“Padarkush” va “To‘y” dramalari misolida**)** | 201 |

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

*Ilimiy-metodikalıq jurnal*